



Pou Piblikasyon Imedya: 18/07/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO EKZEKITE PI GWO AKÒ ENÈJI EWOLYÈN OLAJ ZÒN KOT PEYI AN E SIYEN YON LWA SOU LIDÈCHIP KLIMA AK PWOTEKSYON KOMINOTÈ ISTORIK

Vis-Prezidan Al Gore Mete Ansanm ak Gouvènè Cuomo Pandan New York Pran Aksyon Kont Chanjman Klima ki ap Mennen Atravè Mond lan

Pi Gwo Pwojè Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot Peyi a pou Jenere 1,700 Megawatt - Ase Enèji pou Bay Plis pase 1 Milyon Kay Kouran

Akò pou Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot Peyi a Pou Kreye Plis Pase 1,600 Travay epi Abouti a 3.2 Milya Dola nan Aktivite Ekonomik

Mete NY Sou Chemen Pou Resevwa yon Sistèm Elektrisite san Kabòn disi 2040 ak 85% Rediksyon nan Emisyon Gaz Efè Sè disi 2050

Gouvènè Andrew M. Cuomo, ansanm ak ansyen Vis Prezidan Al Gore, te egzekite jodi a pi gwo akò enèji ewolyèn olaj zòn kot peyi a epi tou pi gwo [akizasyon enèji renouvlab](#) pa nenpòt eta nan istwa Etazini - prèske 1,700 megawatt -avèk seleksyon de (2) pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot peyi a, sa pral kreye ase enèji pou bay plis pase 1 milyon kay kouran, kreye plis pase 1,600 travay, epi lakòz 3.2 milya dola nan aktivite ekonomik. Gouvènè Cuomo te siyen Lwa Sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè a (Climate Leadership and Community Protection Act), oswa CLCPA, ki adopte lejislasyon klima ak enèji pwòp ki pi anbisyè e konplè nan peyi a. Anons jodi a souliye pozisyon enkonteste New York kòm yon lidè mondyal nan klima ak enèji pwòp, e avanse manda Gouvènè Cuomo ki ap mennen nan nasyon an ki se 9,000 megawatt disi 2035. Anplis de sa, yo atann aske anons jodi a sou enèji ewolyèn olaj zòn kot yo ap katalize premye jenerasyon pi gwo chèn investisman apwovizyonman pou Etazini pa sektè enèji ewolyèn olaj zòn kot yo k ap grandi vit la, pozisyon New York pou li ka sant devlopman endistri enèji ewolyèn olaj zòn kot yo nan peyi a.

"Anviwònman an ak chanjman klimatik yo se priyorite politik ki pi enpòtan nou rankontre", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Yo literalman pral detèmine lavni a - oswa absans li. Menm nan dezòd politik poperizasyon ak ipèbol jodi a se toujou yon fè, done ak prèv - ak chanjman klimatik se yon reyalyte syantifik ki paka nye. Men kri pou yon nouvo mouvman ekolojik yo se diskou politik kre si li pa konbine avèk objektif agresif ak yon plan reyalis sou kòman yo reyalize yo. Avèk akò sa a, New York ap mennen sou wout la nan devlope pi gwo sous kouran enèji ewolyèn olaj zòn kot yo nan peyi a, epi jodi a mwen pral siyen lwa klima ki pi agresif nan Etazini Amerik. Jodi a nou fidèl a eritaj New York la - pou montre chemen pou swiv la, pou gouvènè ak vizyon ak entelijans, pou etabli yon nouvo estanda, e pou n makonnen mo nou yo avèk aksyon."

Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Chanjman klimatik reyèl e li dwe abòde pou pwoteje pi byen jenerasyon k ap vini yo. Kòm Washington pa aji, Eta New York dwe pran devan sou kesyon kritik sa a. Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè a pral ede konbat domaj ki te koze pa chanjman klimatik, redwi nan tout eta a emisyon gaz efè sè, konsantre investisman sou teknoloji ekolojik, pwoteje kominote dezavantaje yo, ak asire ke travayè yo pwoteje ak bon travay kreye, pandan nou ap fè tranzisyon pou sous enèji ekolojik. Mwen felisite Senatè Todd Kaminsky paske li patwone bòdwo sa a, kenbe odisyon nan tout eta a, ak pou lidèchip li nan batay kont chanjman klimatik".

Prezidan Asanble a, Carl Heastie te deklare, "Pandan plizyè ane Majorite Asanble a te goumen pou lejislasyon konplè pou abòde ak diminye chanjman klimatik. Gras a travay di ak devouman Prezidan Komite Konsèvasyon Anviwònman lan (Environmental Conservation Committee) Steve Englebright ak kòlèg Majorite Asanble nou an, Eta New York ap mennen sou chemen an nan devlope altènativ enèji ekolojik ak règleman dirab yo. Pandan ke administrasyon an nan Washington redwi pwoteksyon anviwònman yo, nou pral kontinye goumen pou pwoteje anviwònman nou an, ekonomi ak byennèt moun New York yo kont efè destwiktè chanjman klimatik la".

Pi Gwo Akò Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot Peyi an

Pou kòmanse pwogrè anvè objektif san parèy enèji pwòp New York yo, ki gen ladan 9,000 megawatt enèji ewolyèn olaj zòn kot yo disi 2035, jodi a Gouvènè Cuomo te anonse ganyan premye solisasyon konplè enèji ewolyèn olaj zòn kot New York yo: Pwojè devlopman Empire Wind ak Sunrise Wind ki soti Equinor US Holdings, Inc. ak Bay State Wind LLC, yon antrepriz fizyon Ørsted A/S ak Eversource Energy, respektivman. Konbine, tou de [pwojè yo](#) ap totalize 1,700 megawatt, ase pou bay kouran pou plis pase yon milyon kay nan New York epi sipòte plis pase 1,600 travay ak yon aktivite ekonomi konbine de 3.2 milya dola atravè tout eta a. Jiska jodi a, New York te bay yon total apeprè 4,700 megawatt nouvo gwo-echèl kontra enèji renouvlab yo depi mwa Mas 2018 nan twa solisyon separe, yon avansman globalman enpòtan nan enèji renouvlab nan sèlman de (2) ane. Kolektivman, pwojè sa yo pral bay ase enèji renouvlab pou bay kouran pou plis ke de (2) milyon kay epi satisfè prèske 10% bezwen elektrisite nan New York disi 2025.

Devlopè pwojè yo pran angajman pou fè lòt investisman nan manifakti ak nan enfrastrikti pòtyè, an plis angajman yo nan diskou Eta Leta 2019 Gouvènè Cuomo a. Yon total 287 milyon dola pral investi nan enfrastrikti dènye kri nan plizyè rejyon nan eta a, enkli Rejyon Kapital la, Brooklyn, Staten Island ak Long Island. Angajman finansye sa yo pral debloke chèn apwovizyonman kapital prive ak maksimize benefis ekonomik alontèm yo nan eta a ki soti nan devlopman rejyonal nan enèji ewolyèn olaj zòn kot yo.

Rive nan 9,000 megawatt nan enèji ewolyèn olaj zòn kot yo espere kreye plis pase 10,000 travay. Eta a ap pran tou yon nouvo apwòch pou sipòte devlopman sektè prive a, ki enkli etabli yon Konsèy Konsiltatif Eta New York sou Ekonomi Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot yo ak Devlopman Mendèv (New York State Advisory Council on Offshore Wind Economic and Workforce Development), yon nouvo 20 milyon dola Enstiti

Fòmasyon Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kot yo (Offshore Wind Training Institute, OWTI) ak yon Fon Benefis Kominote ak Mendèv (Community and Workforce Benefits Fund, CWB Fund) 3 milyon dola pou etabli enfrastrikti enstitisyonèl pou edike, fòm ak anplwaye moun New York yo. Enèji ewolyèn olaj zòn kot yo pral sèvi ak anpil nan menm pratik travay yo ki te kondwi enfrastrikti ak ekonomi New York pou plizyè deseni ki sot pase yo. Envestisman sa yo ap benefisye patikilyèman kominote revini ki ba ak revni jistis anviwònmanal New York, rezilta enpòtan nan angajman CLCPA ak Gouvènè Cuomo nan yon tranzisyon jis a enèji pwòp.

Rezilta istorik akizisyon sa a make yon nouvo chapit enpòtan nan efò planifikasyon devlopman enèji ewolyèn olaj zòn kòt premye plan lidè nan nasyon an New York ap antreprann yo, yo te mennen pandan plis pase twa zan epi ki te gen ladan konsiltasyon konplè apwofondi ant pati ki konsène yo, ajans yo, ak popilasyon an ansanm ak analiz teknik ak finansye apwofondi yo te fè yo. Pwojè sa yo te resevwa sipò enpòtan nan men gwoup pati ki konsène yo ak ofisyèl eta ak lokal ki eli yo, ki gen ladan òganizasyon konsèvasyon, defansè travay yo, enstitisyon akademik, endistri maritim ak plis ankò. An patikilye, apwòch New York la mande pou devlopè yo adapte plan pwojè yo atravè diskisyon ak pechè komèsyal yo ak òganizasyon anviwònmanal yo ak nan akò ak pi bon pratik yo kap chanje.

Lwa istorik Sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè a:

CLCPA a egzije pou Eta a reyalize yon sistèm elekrisite san kabòn dis 2040 epi redwi emisyon gaz efè sè 85% pi ba pase nivo 1990 anvan 2050, mete yon nouvo estanda pou eta yo ak nasyon an pou akselere tranzisyon nan yon ekonomi enèji pwòp. Nouvo lwa a pral kondwi envestisman nan solisyon enèji pwòp tankou van, solè, efikasite enèji ak depo enèji. Enpòtan, aplikasyon CLCPA pral vize envestisman pou benefisye kominote defavorize yo, kreye plizyè dizèn milye tavay, amelyore sante piblik ak kalite lavi epi bay tout moun New York yon chwa enèji pwòp ki pi solid.

Pwen esansyèl nan nouvo lwa a gen ladan:

Mete New York sou Chemen Netralite Kabòn nan nan Tout Ekonomi a: Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) atravè adopsyon règleman yo, ap kondwi yon rediksyon 85% nan emisyon gaz efè sè dis 2050, ak yon manda pwovizwa 40% rediksyon nan emisyon dis 2030 (tou de pa rapò ak nivo 1990 yo). Konsèy sou Aksyon Klimatik la (Climate Action Council) pral devlope yon plan pou konpanse emisyon ki rete atravè kaptire kabòn oswa lòt teknoloji, sa ki abouti a yon ekonomi kabòn-net.

70% Enèji renouvlab dis 2030 ak Emisyon Zewo-Kabòn Sektè Elektrik dis 2040:

CLCPA la kodifye objektif Gouvènè Cuomo yo k ap mennen nan nasyon an jan li te mande l anba Nouvo Akò Ekolojik (Green New Deal) li a, ki egzije ke omwen 70% nan elekrisite New York soti nan sous enèji renouvlab tankou van ak solè dis 2030, e ke sistèm elekrisite eta a 100% kabòn net dis 2040.

Envestisman Enèji Pwòp Kap Mennen nan Peyi a: CLCPA a kodifye tou angajman Gouvènè Cuomo kap mennen nan peyi a pou enstale 9,000 megawat enèji ewolyèn olaj zòn kot yo dis 2035; 6,000 megawatt solè distribye dis 2025; ak 3,000 megawatt nan depo enèji nan 2030.

Konsèy sou Aksyon Klimatik la ak Fèy Wout Politik: Chèf ekspè nan ajans eta ki enpòtan ak moun ki nonmen nan lejislatif yo pral kreye plan jeyografik ki nesèsè pou reyalize egzijans lwa yo. Konsèy la, ke ko-prezidan l se Ajans Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York lan (NYSERDA) ak DEC pral etabli gwoup travay sektè espesifik pou asire ke ekspè yo ak moun ki konsène yo enfòme sou tout politik devlope anba CLCPA la. Gwoup travay ki prevwa gen ladan yon gwoup k ap jis travay sou tranzisyon, ansanm ak gwoup k ap travay sou transpò, agrikilti, enèji entansif ak endistri ekspozè-komès, itilizasyon tè ak efikasite enèji.

Investisman Anblematik nan Jistis Anviwònmanal ak Tranzisyon Jis: Ajans eta ki enpòtan yo pral investi 35% resous pwogram enèji pwòp pou benefisye kominote ki defavorize yo, epi yo pral vize investi 40%. Anplis de sa, gwoup tranzisyon jis la pral travay pou asire ke moun k ap travay nan endistri enèji konvansyonèl yo bay ak fòmasyon ak opòtinite nan ekonomi enèji pwòp k ap grandi a.

Senatè Todd Kaminsky te deklare, "Anons jodi a kontinye montre ke New York ap trase chemen an anvè yon ekonomi ekolojik. CLCPA a etabli objektif enèji ekolojik ki pi agresif yo nan peyi a ak 1,700 megawatt enèji ewolyèn yo akòde a se yon etap enpòtan pou ranpli yo. Pandan Washington ap dòmi nan volan an, kounye a se moman pou chanjman anbisyèl, mondyal la".

Manm Asanble a Steve Englebright te deklare, "Chanjman nan klima se youn nan pwoblèm ki pi enpòtan nou fè fas a, epi anpeche ak modere enpak li depi lontan te youn pi gwo priyorite pou mwen ak kolèg Asanble mwen yo. Mwen kontan ke lejislasyon sa a enplike yon apwòch ki konplè ak aktif konsa - ki egzije pi ba emisyon ak ankouraje devlopman nan nouvo teknoloji ak opòtinite pou travay. New York te toujou yon lidè anviwònmanal e lejislasyon sa a ansanm ak pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot yo bay dènye prèv yo".

Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare, "Angajman san parèy Gouvènè Cuomo kont chanjman klimatik te fondamantalman refome trajektwa konvèsasyon klima ak enèji nan Etazini, ak anons jodi a Gouvènè a te fè konnen ke New York pa pral gaspiye okenn tan pou l avanse anvè objektif globalman anbisyèl nou yo. A prèske 1,700 megawatt, seleksyon Empire Wind ak Sunrise Wind anba inogirasyon akizisyon enèji ewolyèn NYSERDA a se yon moman desizif pou devlopman gwo echèl enèji ewolyèn olaj zòn kot yo nan Etazini, ak nan pote plizyè milye travay ak plizyè milya dola nan aktivite ekonomik, pwojè sa yo pral garanti tou sitiyoasyon New York kòm sant Etazini pou endistri sa a".

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal Eta New York la, Basil Seggos te deklare, "Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè etabli estanda a lò pou aksyon sou klima eta a dirije. Pou reyalize objektif eta a k ap mennen nan nasyon an ak redwi emisyon gaz efè sè epi bati sous enèji renouvlab, New York dwe eksplwate potansyèl enèji ewolyèn olaj zòn kot eta nou an. Epi pou asire yo mete devlopman enèji ewolyèn yo nan yon sit responsableman, DEC te travay depre ak pati enpòtan ki konsène yo ak patnè yo, ki gen ladan endistri lapèch komèsyal la, pou pwoteje abita sansib olaj zòn kot yo. Anons jodi a se plis prèv atravè CLCPA a ak inisyativ kontinyèl

nou an pou enèji pwòp, New York ap dirije efò nasyon an yo aji sou klima pandan y ap pwoteje kominote nou yo ak resous natirèl nou ki iranplasab".

Prezidan Komisyon Sèvis Piblik la (Public Service Commission), John B. Rhodes te deklare, "Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè etabli kou a pou 100 pousan enèji pwòp ak kabòn-net disi 2040. Enèji ewolyèn olaj zòn kot yo pral jwe yon wòl enpòtan nan reyalizasyon rezilta sa a. Nouvo investisman sa a nan prèske 1,700 MW enèji ewolyèn olaj zòn kot yo plase New York kòm lidè nasyonal klè nan devlopman nouvo endistri sa a, nan kreye nouvo travay ki peye byen, ak nan pote nouvo teknoloji pwòp sa a an liy".

Roberta Reardon, Komisè Depatman Travay (Department of Labor) Eta New York la, te deklare, "Devlopman mendèv ak fòmasyon se eleman esansyèl pou asire ke nou pare pou plis itilizasyon eksitan enèji ewolyèn olaj zòn kot yo, ki asire ke enèji melanj Eta New York la solid ak abòdab kounye a ak nan lavni. Depatman Travay Eta New York la kontan pou li jwe yon wòl nan mete nou sou bon wout pou yon New York pi pwòp, pi an sante".

Sekretè Deta Eta New York la, Rossana Rosado, te deklare, "Mezi entelijan, efikas sa montre rès peyi a ki jan sa dwe fèt. Nou kapab - epi nou pral - pwoteje anviwònman an, adrese chanjman klimatik ak dramatikman amelyore aspè enèji a atravè elaborasyon politik sansib yo. Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè a chèche elimine emisyon gaz efè sè pandan gouvènman federal la ap retire pwoteksyon anviwònman yo. Nouvo pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot yo pwomèt pou pote yon anviwònman pi pwòp ak plizyè milye bon travay pou Hudson Valley ak Long Island. Sa yo se dènye egzanp angajman Gouvènè Cuomo pou soutni kominote yo atravè New York ak yon ajanda devlopman anviwònman, enèji ak devlopman ekonomik".

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zensky, te deklare, "Enèji pwòp se yon eleman esansyèl nan lavni ekonomik New York epi aksyon istorik sa yo pral jenere plizyè milya dola nan investisman, plizyè milye nouvo, travay ekolojik ak pi pwòp, ak New York ki pi ekolojik".

Rektris SUNY an, Kristina M. Johnson te deklare, "Pou nou atenn objektif enpòtan ak lejifere nou yo, ki se 100% enèji renouvlab apati 2040, sa pral mande pou nou gen yon mendèv byen edike, ki otman kalifye epi ki prè. Se yon lonè pou Inivèsite Eta New York la (State University of New York) fè patenarya ak Gouvènè Cuomo pou n ofri opòtinite edikativ ak rechèch pou etidyan ak kò pwofesoral ki plen talan nou yo pou nou fè eksplwatasyon enèji ewolyèn olaj zòn kot yo vin yon reyalite nan kanpis SUNY nou yo".

Pwojè yo Chwazi yo

NYSERDA te chwazi pwopozisyon sa yo pou negosyasyon kontra a atravè yon pwosesis egzijan ak konpetitif baze sou pri soumisyonè yo te ofri yo, avantaj ekonomik y ap gen pou Eta New York ak vyabilite pwojè a. Pwojè yo chwazi yo te ofri pri ki apeprè 40% mwens pase sa yo te prevwa an konparezon ak analiz yo te konplete nan kòmansman ane 2018 la. Aprè egzekisyon kontra yo, NYSERDA pral pibliye detay kontra yo, ki gen ladan pri a ak lòt endikatè apwopriye yo.

Pwojè 816 Megawat Empire Wind lan

Pwojè 816 Megawat Empire Wind ke Equinor ap fè a kanalize anpil kapasite inik Empire State genyen yo. Yo prevwa ke pwopozisyon pwojè sa a, k ap mete enèji renouvlab disponib soti nan Bè New York rive nan Vil New York, kote ki gen plis demann lan, pral bay kòm randman plis pase 800 djòb lokal ak yon ankraj pou enstalasyon fabrikasyon fondasyon nan Pò Coeymans nan Rejyon Kapital la ki pral alimante pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot sa a ak sila y ap fè alavni yo. Yo prevwa pwojè a pral pote anpil djòb enpòtan ak avantaj ekonomik alontèm nan Eta New York, ki gen ladan itilizasyon South Brooklyn kòm baz operasyon l ak antretyen l, sa k ap ofri bon jan kalite djòb nan kominote ki sitiye prè pwen entèkoneksyon yo pwopoze pou pwojè a nan sou-estasyon Con Edison gen nan Gowanus lan. Yo prevwa amelyorasyon k ap fèt nan Pò a yo ak apwovizyonman eleman kle yo pral kòmanse apati prentan 2021. Yo prevwa konstriksyon pwojè Empire Wind lan pral kòmanse an 2022 epi yo pwograme pou pwojè a antre nan faz operasyon komèsyal an desanm 2024.

Christer Geijerstam, ki se Prezidan, Equinor Wind US, te deklare, "Onètman, anons enèji ewolyèn olaj zòn kot Gouvènè Cuomo fè a sanble ak yon rèv ki vin reyelite. Depi lè nou te reyisi genyen kontra lwaye espas la twa zan pase, nou te konsantre sou yon sèl defi: ki pi bon pwojè posib nou ka konstwi pou Nouyòkè yo. Kounye a, nou gen yon chans inik pou n itilize eksperyans ak ekspètiz nou gen nan eksplwatasyon enèji olaj zòn kot yo pou n kreye yon nouvo endistri pisan ak rantab ansanm ak Eta New York, kominote lokal yo ak endistri Etazini an".

Pwojè 880 Megawat Sunrise Wind lan

Pwojè 880 Megawat Sunrise Wind lan se yon patenarya estratejik ant lidè global nan zafè enèji ewolyèn olaj zòn kot yo, Ørsted ak Eversource Energy, epi yo gen Con Edison Transmission ak Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) kòm sipò, ki pral sipòte devlopman enstalasyon transmisyon pwojè a yo. Pwopozisyon pwojè Sunrise Wind lan pran angajman pou yo rantabilize prezans solid Ørsted ak Eversource genyen nan rejyon nòdès la pou yo pataje lokalite Syèj Prensipal Operasyon l yo nan Amerik Dinò ak yon sant operasyon ak antretyen rejyonal nan Pò Jefferson, Long Island, ki pral kapab sipòte pwojè Sunrise Wind lan ak pwojè afilye yo genyen nan Etazini an yo. Yo prevwa pwojè Sunrise Wind lan pral sipòte plis pase 800 djòb lokal, rantabilize enstalasyon pòtyè Rejyon Kapital la yo pou yo sipòte fabrikasyon ki gen konpozan asye yo itilize pou baz tibin yo, epi ofri yon bon valè enstitisyon ak antite rejyonal sipò finansye ak sipò teknik pou sipòte rechèch ak edikasyon epi ede pwomouvwa devlopman enèji ewolyèn olaj zòn kot yo nan fason responsab. Pwen entèkoneksyon yo planifye nan pwojè a ap sou-estasyon Holbrook ak West-Bus yo nan vil Brookhaven anndan limit tèritwa sèvis Otorite Pòtyè Long Island lan (Long Island Power Authority, LIPA). Yo prevwa kòmanse konstriksyon pwojè Sunrise Wind lan an 2022 epi yo pral kòmanse operasyon komèsyal yo an me 2024.

Thomas Brostrøm, ki se Prezidan Ørsted North America ak Direktè Egzekitif Jeneral Ørsted U.S. Offshore Wind te deklare, "Nou vrèman kontan anpil paske yo te chwazi pwojè Sunrise Wind lan nan kad demann inogiral pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot yo, epi mwen vle remèsye administrasyon Gouvènè Cuomo a ak NYSERDA pou evalyasyon apwofondi ak byen reflechi yo te fè pou pwopozisyon nou an. Nan Ørsted, nou kwè ke li lè li tan pou nou pran vrè mezi pou n kreye yon mond ki mache

sou enèji ekolojik epi nou bezwen aji kounye a pou n redui efè chanjman klimatik yo. Ajanda enèji ak angajman anbisye Gouvènè Cuomo pran anvè eksplwatasyon enèji ewolyèn olaj zòn kot yo se pi bon egzanp ki montre fason New York pataje menm prensip sa yo".

Lee Olivier, ki se Vis Prezidan Egzekitif Estrateji Enèji Antrepriz (Enterprise Energy Strategy) nan Eversource te deklare, "Nou kwè ke Sunrise Wind gen pi bon lokalite epi yo se pi bon ekip ki ka pote bon rezilta pou New York, sa k ap enpòtan anpil pandan Gouvènè Cuomo ap tabli yon presedan nasyonal k ap gen objektif pou kreye 9,000 megawat kapasite enèji ewolyèn olaj zòn kot yo pou New York apati 2035. Pwomès pwojè Sunrise Wind lan la pou apwovizyone enèji pwòp bay anpil milye kay, ramase devlopman ekonomik ak envestisman pou ekonomi eta a, pi kreye anpil santèn djòb pèmanan atanplen. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, New York ap trase chemen an nan zafè devlopman endistri enèji ewolyèn olaj zòn kot yo ak konbat chanjman klimatik, epi nou kontan anpil pou nou fè pati avni sa".

Senatè Kevin Parker te deklare, "Nan yon moman kote gouvènman federal la ap nye egzistans chanjman klimatik yo epi fèmen je yo sou konsekans danjere li yo, New York ap trase chemen an anvè enèji pwòp epi pwoteje anviwònman nou an. Akò sa yo fè pou pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot yo, melanje ak Lwa istorik sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè a, pral non sèlman ede kreye yon anviwònman ki pi pwòp, li pral estimile kwasans ekonomik atravè tout eta a nèt. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ak patnè m yo nan Sena paske y ap fè refòm kouraje sa yo vin yon reyalite pou eta nou an".

Manm Asanble Michael Cusick te deklare, "Anons jodi a reprezante yon chanjman konseptyèl nan fason New York jere sistèm enèji li a, soti nan pwodiksyon kouran ki bay zewo degajman rive nan rediksyon monimantal nan anprent kabòn nou onivo tout ekonomi an nèt ke lalwa egzije kounye a. Jodi a, aprè anpil ane travay, se yon pwen enfleksyon enpòtan pou tout mouvman enèji pwòp la nèt. Mwen atann pou m wè anpil eta swiv egzanp nou epi mwen swete ke gouvènman federal la ap gade. Li apwopriye pou New York, kote sistèm elektrik metwopolitèn, a grand echèl orijinal la te pran nesans lan, se lidè nan nasyon an kounye a pou devlopman resous enèji ewolyèn olaj zòn kot yo ak devlopman yon ekonomi pwòp pi jeneralman. Anons eksplwatasyon enèji ewolyèn olaj zòn kot yo fè jodi a ap asire Nouyòkè yo rete alatèt ekonomi ekolojik la, kote y ap pwofite de avantaj yo sou fòm opòtinite anplwa ansanm ak efè konplemantè yon anviwònman ki pi pwòp genyen yo. Pi enpòtan ankò, menm jan nou te wè nan semèn ki fenk sot pase yo, fyabilite sistèm lan pa negosyab pou konsomatè kouran tout kote, epi espesyalman nan New York. Enèji yo te pwodui apati eksplwatasyon olaj zòn kot nou yo pral sipòte fyabilite rezo nou an epi bay Nouyòkè yo lapè nan tèt ke pandan y ap kontinye estimile ekonomi nasyon an ak sipòte fanmi yo, yo ka konfyan ke limyè yo ap rete limen".

Joe Martens, ki se Direktè New York Offshore Wind Alliance lan, te deklare, "Anons Gouvènè a fè sou eksplwatasyon enèji ewolyèn olaj zòn kot yo se yon etap enpòtan monimantal nan kad tradisyon lidèchip anviwònmantal New York la. Eta New York te aji byen rapid epi nan fason entansyonèl nan kèt pou yo fè tranzisyon pase nan enèji pwòp, renouvlab epi anons jodi a demontre ke eta detèmine pou l pwofite de van

regilye yo gen lwen zòn kot li yo pou redui polisyon lè, kreye djòb epi tabli New York kòm episant yon nouvo endistri Ameriken".

Kevin S. Law, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Long Island Association lan te di, "Anons jodi a demontre ke Gouvènè Cuomo ak eta a ap kontinye pran angajman pou yo trase chemen an pou nasyon an nan kad devlopman yon ekonomi enèji pwòp. Pwojè yo te apwouve jodi a yo ak sila ki toujou sou konsiderasyon yo pral ede fè Long Island vin kapital eksplwatasyon enèji ewolyèn olaj zòn kot peyi a epi yo pral kreye djòb ki byen peye ak atire anpil milya dola envestisman vin nan rejyon nou an".

John R. Durso, ki se Prezidan Federasyon Travay Long Island lan (Long Island Federation of Labor) te deklare, "Planèt la resevwa bon nouvel sou politik piblik Eta New York la te pran yo. Premyè grand akizisyon eksplwatasyon enèji ewolyèn olaj zòn kot Gouvènè Cuomo a se yon gran pa vè lavan nan lit n ap fè kont chanjman klimatik yo epi se yon opòtinite pou n devlope yon nouvo endistri. Li patikilyèman enpòtan pou Long Island ki gen mendèv prè pou yo satisfè defi k ap tann yo pi devan".

Matt Aracich, ki se Prezidan Konsèy Metye Konstriksyon Konte Nassau ak Suffolk la (Building Trades Council of Nassau and Suffolk County) te deklare, "Avèk avansman yo fè nan teknoloji prezèvasyon klimatik yo ak yon politik agresif ki konsantre sou enèji renouvlab yo vin gen yon nouvo mache travay k ap aksesib pou Nouyòkè klas ouvriye a yo. Konsèy Metye Konstriksyon an fyè de inisyativ NYSERDA ap fè pou yo takle chanjman klimatik yo pandan y ap kontinye konsidere estanda ak karyè fanm ak gason nan klas ouvriye a k ap travay di yo. Pwogram tankou devlopman enèji ewolyèn olaj zòn kot yo pral pote anpil avantaj pou rejyon nou an pandan l ap ofri djòb ekolojik dirab pandan anpil ane k ap vini ankò".

Ed Murphy, ki se Direktè Egzekitif, Enstiti pou Devlopman Mendèv la (Workforce Development Institute, WDI) te deklare, "New York ap pran yon lòt gran pa vè lavan pou pwoteje anviwònman nou an pi kreye bon jan djòb. Rechèch nou montre ke pral gen anpil milye Nouyòkè k ap travay nan plis pase 74 pwofesyon pou yo planifye, konstwi, enstale ak mentni tibin yo olaj zòn kot New York. WDI pral kontinye travay nou ap fè ak Gouvènè a, Lejislati a, NYSERDA, sendika yo ak biznis yo, pou n sipòte djòb nan endistri enèji ewolyèn olaj zòn kot yo".

Andrew Kennedy, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, Sant pou Kwasans Ekonomik lan (Center for Economic Growth) te deklare, "Enèji ewolyèn olaj zòn kot yo pral transfòmasyonèl pou ekonomi rejyon nò a. Avèk anons jodi a, Rejyon Kapital la kanpe prè pou sipòte endistri enèji ewolyèn olaj zòn kot yo etandone pami pwen fò nou yo gen Pò Albany ak Pò Coeymans, yon sektè fabrikasyon solid, resous akademik Rechèch ak Devlopman san parèy, ak yon mendèv ki kapab epi ki prè. Rejyon Kapital la paka tann pou n travay avèk endistri sa a pou n satisfè bezwen pou yo mete operasyon fabrikasyon yo, espas pou estokaj ak fondasyon transpò yo, sou-estasyon ak tibojeneratè ewolyèn yo".

Julie Tighe, ki se Prezidan Lig Konsèvasyon Votè New York la (New York League of Conservation Voters) te deklare, "Nou aplodi anons eksplwatasyon enèji ewolyèn olaj zòn kot Gouvènè Cuomo te fè jodi a - ki se yon gran etap vè lavan nan

kad efò pou n atenn objektif lidè nan nasyon an Eta genyen an, ki se 9,000 megawat enèji ewolyèn apati 2035 ak kouran san kabòn apati 2040. Repons antouzyas a RFP NYSEERDA te pibliye pou eksplwatasyon enèji ewolyèn olaj zòn kot yo montre ke gen yon enterè istorik nan kad devlopman pwojè sa yo epi ap ogmante vitès lokalizasyon sit enèji ewolyèn yo. Nou atann pou n travay ak pati prenan yo pou n asire ke pwojè sa yo ak lòt tankou yo vanse vè lavan byen rapid jan sa fezab".

Stuart F. Gruskin, ki se Direktè Konsèvasyon ak Ofisye Zafè Ekstèn pou The Nature Conservancy New York la te deklare, "Anons jodi a ap ranfòse pozisyon New York kòm yon lidè nasyonal nan lit pou takle chanjman klimatik yo epi sekirize yon avni dirab pou planèt nou an ak pou pèp nou yo. The Nature Conservancy ap aplodi Gouvènè Cuomo paske l ap mete New York sou wout pou l vin pi gran pwodikte enèji ewolyèn olaj zòn kot nan nasyon an. Nou apresye apwòch eta a pran pou devlopman enèji ewolyèn olaj zòn kot yo, k ap ekilibre bezwen pou mete fen nan rechofman planèt la ansanm ak bezwen pou pwoteje lavi marin enpòtan ak moun ak endistri ki depann de lanmè nou yo. Gras a lidèchip Gouvènè a, New York kanpe kòm egzanp nasyonal ki montre fason pou n konbat chanjman klimatik ak kreye yon mond sekirite pou jenerasyon k ap vini yo".

Collin O'Mara, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Federasyon Nasyonal Bèt Sovaj la (National Wildlife Federation) te deklare, "Angajman istorik Gouvènè Cuomo pran anvè eksplwatasyon enèji ewolyèn olaj zòn kot yo se egzanp pafè ki montre lidèchip kouraje ke Etazini bezwen plis pase jamè pou konfwonte kriz klimatik la epi kreye djòb ki byen peye nan sektè fabrikasyon ak konstriksyon yo. Mèsi a Gouvènè Cuomo pou lidèchip vizyonè li ak travay di fonksyonè Eta New York la yo ap fè pou yo akselere konstriksyon mwayen eksplwatasyon enèji ewolyèn olaj zòn kot yo devlope nan fason responsab. Nou ap felisite endistri enèji ewolyèn olaj zòn kot la ak tout patnè nou yo, pandan n ap atann pou n kontinye travay ansanm pou n asire ke tout pwojè yo konstwi pou alimante Empire State la ofri avantaj maksimòm pou kominote lokal nou yo epi pwoteje bèt sovaj kote ak maren yo nan chak etap".

Nouvo Akò Ekolojik Eta New York la

Nouvo Akò Ekolojik (Green New Deal) Gouvènè Cuomo a se pwogram kont chanjman klimatik ki pi agresif nan nasyon epi li mete eta sou yon wout pou l konplètman net sou plan degajman kabòn atravè tout sektè ekonomi an, ki gen ladan pwodiksyon enèji, transpò, bilding, endistri ak agrikilti. Pwogram Gouvènè a tabli tou yon objektif pou atenn yon sektè pwodiksyon elektrisite ki gen zewo degajman kabòn apati 2040, pi rapid pase tout lòt eta nan nasyon an. Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominote a ke yo te adopte resamman egzije divès nan objektif enèji pwòp anbisye ki nan Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè a: enstale nèf jigawat enèji ewolyèn sou zòn kot yo apati 2035; sis jigawat enèji solè ki distribiye apati 2025 ak twa jigawat estokaj enèji apati 2030. CLCPA a mande tou pou fè yon tranzisyon ki òdone epi ki ekitab pou ale nan enèji pwòp yo, sa ki ap kreye travay pandan ke li ap favorize yon ekonomi ekolojik. Li ap ajoute sou ogmantasyon enèji pwòp san presedan New York yo ki gen ladan envestisman 2.9 milya dola nan 46 pwojè enèji renouvlab a gran echèl yo atravè Eta a, kreyasyon plis pase 150,000 pòs travay nan sektè enèji pwòp New York la, ak 1,700% kwasans nan sektè enèji solè ki distribiye a depi 2012. CLCPA pase enstwiksyon tou pou ajans ak otorite Eta New York yo travay an kolaborasyon ak pati ki konsène yo pou devlope yon plan pou redwi degajman gaz a efè sèr yo pa 85% soti

nan nivo ane 1990 yo apati 2050, epi travay pou atenn yon objektif pou investi 40% nan resous enèji pwòp ak efikasite enèjetik yo pou benefisye a kominote ki dezavantaje yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)